

Jesyon Ka Espesifik

Jesyon Ka Espesifik (TCM) ap chèche kreye yon kominote ak ekip ki ouvè pou pale sou sante mantal epi sipòte.

Sèvis TCM nou yo gen entansyon konekte ak sipòte jèn ki gen bezwen sante emosyonèl ak fanmi yo ak sèvis kominotè ak lòt resous valab.

Sou nou

Cayuga Centers se yon ajans sèvis imen san bi likratif 501(c)(3) ki te fonde an 1852. Li ofri bon jan kalite sèvis ki te sipòte pa prèv ak rechèch. Cayuga Centers bay yon kontinyèl sèvis nan tout peyi a, ak biwo nan plis pase dis vil. Ajans lan espesyalize nan bay divès popilasyon sipò endividalize, ki enkli andikap, ki apwopriye sou plan kiltirèl e ki enfòmè sou chòk yo.



Jesyon Ka Espesifik

Pou plis enfòmasyon, kontakte:

Kim Gayle

Manadjè Pwogram Palm Beach

kimberlytta.gayle@cayugacenters.org
(561) 660-4901

Luisa Lords, MSW

Manadjè Pwogram Palm Beach

luisa.lords@cayugacenters.org
(561) 398-2692



11301 N. Congress Ave., Suite 130
Boynton Beach, FL 33426
(800) 421-2031

cayugacenters 

Jesyon Ka Espesifik

Esprì an sante... Lavi ki an sante

cayugacenters.org



Ki jan TCM travay?

TCM ap ba w yon Espesyalis ki gen anpil fòmasyon ak yon Patnè Fanmi ki pral òganize yon reyinyon pou eksplike sa "System of Care" ye ak kijan li ka ede fanmi w.

Y ap travay avèk ou pou chwazi yon pi gwo ekip moun pou ede fanmi ou ak fikse objektif ak detèmine pi bon chemen pou atenn yo. Fanmi w ap dirije ekip la.

- Fanmi an se lidè ekip la
- Tout moun nan ekip la gen yon wòl enpòtan
- Ekip ou a ede w reponn a kriz ak enkyetid fanmi yo
- Jèn yo gen yon vwa epi yo patisipe nan sistèm nan

Ekip TCM ou a la pou:

- Koute epi pa jije
- Ede pote sèvis ak resous enpòtan nan lavi fanmi yo
- Asire ke tout moun nan ekip la ap travay nan menm objektif yo
- Devlope plan ki sipòte zòn bezwen fanmi yo
- Asire ke plan yo ap travay
- Kontinye sipòte fanmi yo pandan tout pwosesis la

Ki jan TCM ka ede w ak fanmi w?

- TCM pèmèt ou chwazi sèvis ki bon pou ou menm ak fanmi ou
- TCM retire presyon sou fanmi ou epi pèmèt ajans yo pote sipò ba ou epi "vlope" fanmi ou ak yon sistèm swen sipò.
- TCM bay sipò ak fòmasyon pou fanmi yo vin lidè ak moun k ap pran desizyon pou pwòp swen yo

TCM ofri:

- Senp koneksyon dirèk ak sèvis fanmi ou vle
- Yon ekip ki travay ak fanmi w pou konsantre sou fòs aktyèl yo epi idantifye sa ki nesèsè pou devlope nouvo ladrès
- Opòtinite pou fanmi yo patisipe nan komite TCM pou vote sou e afekte direksyon sèvis yo



SANTE MANTAL SE YON BON BAGAY

TCM ap chèche ofri yon sistèm swen fanmi ki dirije, ki gide pa jèn e ki konpetan nan domèn kiltirèl pou jèn ki gen bezwen emosyonèl ak fanmi yo.